



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN MITAN PANDEMI COVID-19 LA GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO BAY LÒD POU YO LIMEN ONE WORLD TRADE CENTER WOUJ, BLAN AK BLE

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay lòd pou limen tout pwent an flèch 408 pye sou tèt One World Trade Center an wouj, blan ak ble aprèmidi a an rekonesans ak efò k'ap kontinye nan tout nasyon an pou konbat COVID 19 la.

"Nou ap fè fas ak yon sitiyoasyon ki gravman mòtèl kounye a, epi li pi enpòtan pase politik ak pi enpòtan pase patizanri. Sa a se yon lagè e si gen divizyon nan moman sa a, viris la pral defye nou.

Viris sa a pa fè diskriminasyon — li atake tout moun, e li atake tout kote. Pa gen okenn eta wouj (Repibliken), e pa gen okenn eta ble (Demokrat), epi pa gen okenn viktim wouj, e pa gen okenn viktim ble. Se wouj, blan ak ble. Si te janm gen yon moman pou inite, se moman sa la a.

Mwen bay lòd pou yo limen tout pwent an flèch World Trade Center yo wouj, blan ak ble aswè a kòm yon senbòl sans komen nou an — nou tout se Ameriken epi nou pral batay kont lagè sa a ak travèse moman difisil sa a ansanm".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)